

## BAB III

### METODE PANALUNGTIKAN

#### 3.1 Méthode Panalungtikan

Dina unggal panalungtikan miboga tujuan nu kudu dihontal. Ku kituna, unggal panalungtikan kudu ngagunakeun métode pikeun nyangking data nu luyu jeung kanyataan di lapangan. Dumasar *KBBI* (2008, kc. 580) métode nya éta cara nu diatur sarta dipikir kalayan gemet pikeun ngahontal maksud nu tangtu dina élmu pangaweruh. Nurutkeun Hadi (dina Nurbuko jeung Achmadi, 2007, kc. 2) panalungtikan nya éta pikeun meunangkeun, mekarkeun jeung nguji bebeneran hiji panagweruh. Nurutkeun (Sugiyono, 2008, kc. 6) yén metode panalungtikan nya éta cara ilmiah pikeun ngumpulkeun data anu valid kalawan tujuan bisa kapanggih, dimekarkeun, sarta dibuktikeun.

Pikeun ngahontal tujuan panalungtikan, métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif kalawan ngagunakeun pamarekan kualitatif. Métode déskriptif nya éta métode anu dipaké pikeun ngagambarkeun, ngajelaskeun, ngajawab pasualan-pasualan ngeunaan fénoména jeung peristiwa kiwari sakumaha ayana, atawa analisis hubungan antara variabel dina hiji fénoména (Arifin, 2011, kc. 140). Panalungtikan kualitatif téh ilahar disebut panalungtikan naturalistik lantaran panalungtikanana museur kana kaayaan anu sipatna alamiah (*natural setting*). Ieu hal saluyu jeung kamandang Sugiyono (2008, kc. 8-9) anu nétélakeun yén métode panalungtikan kualitatif nyaéta métode panalungtikan anu dumasar kana falsafah *postpositivisme*, digunakeun pikeun nalungtik hiji kondisi alamiah, dimana nu nalungtik jadi konci tina instrumén panalungtikanana, téhnik ngumpulekeun data dilakukeun sacara triangulasi (*gabungan*), analisis data miboga sipat induktif/kualitatif, jeung hasil panalungtikan kualitatif leuwih condong kana *makna* tibatan *generelisasi*.


Métode déskriptif dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngadéskripsikeun gambaran umum tempat panalungtikan, asal-muasal upacara adat sedekah bumi, prak-prakan upacara adat sedekah bumi, ajén sosial dina upacara adat sedekah bumi, sarta luyu henteuna pikeun dilarapkeun dina bahan pangajaran maca artikel budaya di SMA kelas XII.

### 3.2 Désain Panalungtikan

Dina prosés panalungtikan, panalungtik kudu miboga cecekelan nu bisa ngarojong kana prosés panalungtikan sangkan bisa lumangsung kalayan lancar sarta ngahontal tujuan nu tangtu ngaliwatan desain panalungtikan.

Desain panalungtikan mangrupa stratégi dina ngararancang hiji panalungtikan nu wangunna peta konsép sarta bisa dijadikeun pituduh dina ngahontal tujuan tina panalungtikan, ku kituna, desain panalungtikan dina ieu panalungtikan anu dilaksanakeun miboga sababaraha tahapan, saperti ieu di handap.

**Bagan 3.1**  
**Désain Panalungtikan**



Dwika Zella Ocktaviani, 2017

STRUKTURALISME JEUNG AJÉN SOSIAL DINA UPACARA ADAT SEDEKAH BUMI DI DÉSA CIBUNTU  
KACAMATAN PASAWAHAN KABUPATEN KUNINGAN PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI  
SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Desain panalungtikan nu dirarancang dina ieu panalungtikan sacara umum nya éta: ngumpulkeun data, tahap pelaksanaan, ngolah jeung nganalisis data, nyieun kacindekan, nyusun laporan.

Dina tahap ngumpulkeun data, panalungtik ngumpulkeun data ku cara wawancara jeung studi pustaka sangkan nambahan pangaweruh ngeunaan upacara adat sedekah bumi.

Dina tahap pelaksanaanana, panalungtik niténan jeung ngimeutan prak-prakanana upacara adat sedekah bumi di Désa Cibuntu Kecamatan Pasawahan Kabupatén Kuningan. Dituluykeun kana tahap analisis data, panalungtik ngolah data nu geus dipiboga sarta didéskripsikeun hasilna dina laporan panalungtikan anu eusina ngawengku gambaran umum tempat panalungtikan, sajarah, prak-prakan, tujuan, ajén sosial nu nyangkaruk, sarta pedaran materi ngeunaan ajén sosial upacara adat sedekah bumi nu aya di Désa Cibuntu Kecamatan Pasawahan kabupatén Kuningan pikeun bahan pangajaran maca di kelas XII SMA.


### **3.3 Lokasi jeung Sumber Data Panalungtikan**

#### **3.3.1 Lokasi Panalungtikan**

Lokasi panalungtikan nya éta tempat ayana objék panalungtikan nu tujuanna pikeun nyangking informasi. Lokasi anu dijadikeun tempat panalungtikan pikeun nyangking data ngeunaan upacara adat sedekah bumi nya éta perenahna di Désa Cibuntu, Kecamatan Pasawahan, Kabupatén Kuningan, Provinsi Jawa Barat.

Sacara administratif, Désa Cibuntu nya éta salah sahiji désa nu aya di Kecamatan Pasawahan Kabupatén Kuningan. Lega wilayah Désa Cibuntu téh nya éta 13440281 Ha, 108<sup>0</sup>25'00"-108<sup>0</sup>27'30" bujur timur jeung 06<sup>0</sup>50'0"-06<sup>0</sup>52'30" lintang selatan tur aya di 782dpl. Désa Cibuntu ngawengku 2 dusun nya éta dusun Secatuhu jeung dusun Kahuripan. Desa Cibuntu miboga wates wilayah nya éta wates Désa Cibuntu beulah kulon aya Désa Singkup, beulah wétan Désa Trijaya, beulah kalér Gunung Ciremai, beulah kidul Désa Paniis. Anapon lokasi Désa Cibuntu bisa katitén dina gambar lokasi ieu di handap.

**Gambar 3.1**  
**Peta Wilayah Désa Cibuntu**



(Bappeda Kabupatén Kuningan)

### 3.3.1.1 Kondisi Sosial Budaya Masyarakat Désa Cibuntu

#### 1) Penduduk/ Démografi

Dumasar data nu aya dina monografi di Désa Cibuntu, jumlah penduduk di Désa Cibuntu aya 1012 urang, diwengku 499 jiwa lalaki jeung 513 jiwa awéwé sarta 258 kepala keluarga. Anapon data lengkepna saperti ieu di handap.

**Tabél 3.1**  
Jumlah Penduduk Désa Cibuntu nurutkeun Kelompok Umur

Kelompok Usia	Jumlah
0 – 10 taun	149 jalma
11 – 20 taun	133 jalma
21 – 30 taun	150 jalma
31 – 40 taun	221 jalma
41 – 50 taun	147 jalma
51 – 60 taun	107 jalma
61 – 75 taun	105 jalma
<b>Jumlah Total</b>	<b>1012 Jalma</b>

Dwika Zella Ocktaviani, 2017

STRUKTURALISME JEUNG AJÉN SOSIAL DINA UPACARA ADAT SEDEKAH BUMI DI DÉSA CIBUNTU  
KACAMATAN PASAWAHAN KABUPATÉN KUNINGAN PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI  
SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

(Arsip Désa taun 2016)

## 2) Sistem Pakasaban

Masyarakat Désa Cibuntu nya éta masyarakat agraris. Ku kituna, pakasaban masyarakat Désa Cibuntu lolobana jadi patani jeung tangkulak paré, sayur, jeung beubeutian.

Dumasar data monografi Désa Cibuntu, rupa-rupa pakasaban masyarakat Désa Cibuntu bisa katitén tina tabél ieu di handap.

**Tabél 3.2**  
Pakasaban Masyarakat Désa Cibuntu

No.	Pakasaban	Jumlah
1.	Patani	131
2.	Buruh tani	165
3.	Buruh migrant	2
4.	PNS	18
5.	Peternak	96
6.	Pengrajin	2
<b>Jumlah</b>		<b>414</b>

(Arsip Désa taun 2016)

## 3) Sistem Atikan

Tingkat atikan di Désa Cibuntu Kecamatan Pasawahan Kabupatén Kuningan bisa katitén tina ieu tabél di handap.

**Tabél 3.3**  
Jumlah Penduduk Désa Cibuntu dumasar Tingkat Atikan

No.	Atikan	Jumlah
1.	TK	20
2.	Usia 7-18 taun keur sakola	125
3.	Tamat SD	151
4.	Tamat SMP	108
5.	Tamat SMA	119
6.	D-1	-
7.	D-2	6
8.	D-3	4
9.	S-1	15
<b>Jumlah</b>		<b>548</b>

(Arsip Désa taun 2016)

Dumasar kana hasil data monografi Désa Cibuntu nu geus dipedar, katitén yén masyarakat geus leuwih ngarti kana pentingna dunya atikan.

#### 4) Agama

Agama di Indonésia kurang leuwih aya genep, nya éta Islam, kristen, katolik, hindu, budha, konghuchu, jeung kapercayaan séjénna. Kabupatén Kuningan mayoritas ngagem agama islam jeung kristen, hususna di wewengkon Cigugur mayoritas agama nu diagem ku masarakatna nya éta kristen. Tapi sakabéh masarakat Désa Cibuntu ngagem hiji agama nya éta agama Islam. Sanajan masarakat Désa Cibuntu ngagem agama Islam, tapi masarakatna teu ngaleungitkeun kapercayaan tinggal karuhunna, saperti upacara tradisional sarta ritual-ritual nu aya patalina jeung pakasaban masarakat Désa Cibuntu.

#### 5) Basa

Basa nya éta omongan sapopoé unggal wewengkon (Danadibrata, 2009, kc. 68). Basa anu digunakeun dina hirup kumbuh sapopoé di Désa Cibuntu nya éta basa Sunda minangka alat komunikasina, leuwih cindekna mah disebut basa Sunda (wewengkon) Désa Cibuntu. Dina pamakéan basa Sunda, masarakatna ogé ngagunakeun undak usuk basa, anapon basa Indonésia dipaké dina kagiatan resmi.

#### 3.3.1.2 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data nya éta subjék timana éta data dicangking. Sacara gurat badagna, sumber data ngawengku tilu rupa nya éta jalma atawa informan, tempat, jeung kertas atawa dokumén (Arikunto, 2010, kc.172).

- 1) Jalma atawa informan, nya éta sumber data nu bisa méré informasi mangrupa jawaban lisan ngaliwatan prosés wawancara atawa jawaban tinulis tina angkét. Di handap ieu ditataan jalma-jalma anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan.

**Tabél 3.4**  
**Data Informan**

No.	Kalungguhan	Data Informan
1.	Informan Utama	Wasta : Amangkurat

Dwika Zella Ocktaviani, 2017

STRUKTURALISME JEUNG AJÉN SOSIAL DINA UPACARA ADAT SEDEKAH BUMI DI DÉSA CIBUNTU  
KACAMATAN PASAWAHAN KABUPATEN KUNINGAN PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI  
SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

		Umur : 78 Jenis kelamin : Lalaki Pakasaban : Pensiunan Atikan : SMA Kalungguhan : Sesepuh
2.	Informan Tambahan Kahiji	Wasta : Ibnu Sungkawa Umur : 50 Jenis kelamin : Lalaki Pakasaban : Sekdes Atikan : S1 Kalungguhan : Ketua Pelaksana
3.	Informan Tambahan Kadua	Wasta : Sadari Umur : 54 Jenis kelamin : Lalaki Pakasaban : PNS Atikan : S1 Kalungguhan : Kasi Disparbud
4.	Informan Tambahan Katilu	Wasta : Een Maenisah Umur : 61 Jenis kelamin : Awéwé Pakasaban : Ibu Rumah Tangga Atikan : SMA Kalungguhan : Masarakat

- 2) Tempat, nya éta sumber data anu mangrupa tampilan saperti kaayaan cicing atawa gerak sarta mangrupa tempat dina ngalaksanakeun panalungtikan ku cara prosés obsérvasi.
- 3) Kertas atawa dokumén, nya éta sumber data nu mangrupa tanda-tanda hirup, angka, gambar. Dokumén mangrupa objék pikeun métode dokuméntasi.

Luyu jeung pedaran di luhur, sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh acara upacara adat sedekah bumi nya éta di Désa Cibuntu, anapon sumberna nya éta sesepuh désa Cibuntu, pihak-pihak anu kalibet dina upacara adat sedekah bumi, sarta masarakat anu apal kana upacara adat sedekah bumi.

### 3.4 Téhnik Ngumpulkeun jeung Ngolah Data

#### 3.4.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta téhnik talaah pustaka, observasi, wawancara, jeung dokuméntasi.

##### 1) Téhnik Talaah Pustaka

Téhnik talaah pustaka nya éta téhnik ngumpulkeun data tulisan pikeun nangtukeun dasar-dasar tiori anu aya patalina jeung upacara adat sedekah bumi. Dina ieu panalungtikan data pustaka anu dipaké buku utama, karya ilmiah, buku ngeunaan ajén sosial, buku ngeunaan budaya Sunda. Salian ti data pustaka, ngagunakeun ogé studi pustaka anu dilaksanakeun di Perpustakaan Pusat Universitas Pendidikan Indonesia jeung Perpustakaan Departemen Pendidikan Bahasa Daerah.

##### 2) Téhnik Observasi

Téhnik obsérvasi mangrupa cara anu dilakukeun ku panalungtik pikeun ngarekam unggal kagiatan jeung peristiwa anu keur kajadian boh maké alat bantu atawa henteu (Basrowi jeung Suwandi, 2008, kc. 99).

Téhnik observasi dina ieu panalungtikan dipaké pikeun ngumpulkeun data sacara langsung ngeunaan naon-naon anu katempo jeung karasa anu aya patalina jeung upacara adat sedekah bumi, ogé pikeun nitanan ngeunaan sosial masarakatna.

##### 3) Téhnik Wawancara

Téhnik wawancara nya éta téhnik ngumpulkeun data nu digunakeun dina panalungtikan kualitatif. Wawancara mangrupa interaksi komunikasi atawa paguneman antara nu ngawawancara (*interviewer*) jeung nu diwawancara (*interviewee*) kalawan maksud pikeun nyangking informasi ti *interviewee*. *Interviewee* dina panalungtikan kualitatif nya éta informan nu miboga pangaweruh sarta pamahaman nu rék dicangking ku *interviewer* (Satori jeung Komariah, 2010, kc. 129).

##### 4) Téhnik Dokumentasi

Nurutkeun Sugiyono (2010, kc. 82) yén dokuméntasi mangrupa catetan peristiwa nu geus kaliwat, bisa mangrupa tulisan, gambar atawa karya-karya séjénna saperti pilem atawa vidéo. Alat anu digunakeun dina ieu téhnik

mangrupa alat éléktronik saperti *handphone* jeung kaméra digital. Ayana téhnik dokuméntasi téh pikeun salah sahiji bukti yén prosés panalungtikan bener-bener dilaksanakeun ku panalungtik.

### 3.4.2 Tehnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data nya éta nganalisis data-data anu geus dikumpulkeun tina hasil panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif. Anu didéskripsikeun nya éta ajén sosial dina upacara adat sedekah bumi di Désa Cibuntu Kecamatan Pasawahan Kabupatén Kuningan sarta dijadikeun bahan pangajaran maca di kelas XII SMA. Anapon téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) milih data anu luyu jeung naon nu rék ditalungtik;
- 2) mariksa jeung nitenan data anu geus dikumpulkeun;
- 3) nganalisis jeung ngadéskripsikeun data anu luyu jeung udagan panalungtikan;
- 4) ngadokuméntasikeun prak-prakan upacara adat sedekah bumi;
- 5) nganalisis ajén sosial nu nyangkaruk dina upacara adat sedekah bumi di désa Cibuntu ngagunakeun tiori Marzali;
- 6) ngalarapkeun upacara adat sedekah bumi kana bahan pangajaran maca artikel budaya di SMA kelas XII; jeung
- 7) nyieun kacindekan tina data anu geus kapaluruh.

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Dina panalungtikan, sangkan nyangking data jeung ngahontal hasil data nu nyugemakeun kudu ngagunakeun instrumén pikeun ngumpulkeun data anu luyu jeung panalungtikan. Instrumén panalungtikan nya éta alat anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data pikeun mantuan panalungtikan sangkan leuwih babari dina migawéna jeung hasilna leuwih hadé (Arikunto, 2010, kc. 203). Anapon instrumén anu digunakeun nya éta:

#### 1) *Handphone*

*Handphone* dipaké pikeun ngarékam dina prosés ngumpulkeun data ngaliwatan téhnik wawancara ka informan ngeunaan upacara adat sedekah bumi.

#### 2) Kaméra Poto

Dwika Zella Ocktaviani, 2017

STRUKTURALISME JEUNG AJÉN SOSIAL DINA UPACARA ADAT SEDEKAH BUMI DI DÉSA CIBUNTU  
KACAMATAN PASAWAHAN KABUPATÉN KUNINGAN PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI  
SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Kaméra poto mangrupa alat anu digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun gambar nalika prak-prakan upacara adat sedekah bumi keur lumangsung.

### 3) Pedoman wawancara

Pedoman wawancara digunakeun pikeun nungtun panalungtik nalika ngawawancara nara sumber, wawancara dilakukeun kalayan ngagunakeun patokan anu geus disadiakeun nu mangrupa daptar patalékan anu aya patalina jeung kabutuhan panalungtik atawa masalah anu rék ditalungtik. Anapon patalékan-patalékan dina pedoman wawancara nya éta:

Instrumén 1:

#### Format Data Informan

Data Informan
Wasta
Yuswa
Jenis Kelamin
Pakasaban
Kalungguhan

Instrumén II

#### Daptar Patalékan

No.	Patalékan
1.	Kumaha sajarah/ asal-muasal ayana upacara adat sedekah bumi?
2.	Iraha lumangsungna upacara adat sedekah bumi?
3.	Naon tujuan diayakeun upacara adat sedekah bumi?
4.	Naon mangpaat diayakeun upacara adat sedekah bumi?
5.	Dimana tempat lumangsungna upacara adat sedekah bumi?
6.	Sabaraha lami persiapan upacara adat sedekah bumi?
7.	Kegiatan naon waé nu dilaksanakeun saméméh lumangsungna upacara adat sedekah bumi?
8.	Kumaha prak-prakan upacara adat sedekah bumi ti awal nepi ka ahir?
9.	Kegiatan naon waé nu dilaksanakeun sabada lumangsungna upacara adat sedekah bumi?
10.	Saha waé pihak anu kalibet dina upacara adat sedekah bumi?
11.	Naon waé pakakas nu kudu aya dina upacara adat sedekah bumi?
12.	Kumaha kamekaran upacara adat sedekah bumi nepi ka ayeuna?
13.	Kumaha ajén sosial nu nyangkaruk dina runtuyan upacara adat sedekah bumi ti awal nepi ka ahir?
14.	Kumaha cara nanjeurkeun jeung ngamumulé upacara adat sedekah bumi?

### 4) Catetan Lapangan

Catetan lapangan digunakeun ku panalungtik pikeun nyatet hal-hal anu kaalaman di lapangan. Ieu catettan mangrupa catetan-catetan singget waktu

Dwika Zella Ocktaviani, 2017

STRUKTURALISME JEUNG AJÉN SOSIAL DINA UPACARA ADAT SEDEKAH BUMI DI DÉSA CIBUNTU  
KACAMATAN PASAWAHAN KABUPATEN KUNINGAN PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI  
SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

panalungtikan. Satuluyna éta catetan dirobah jeung dilengkepan pikeun nyusun laporan panalungtikan.